



Kisa k ap pase nan lekò leta Vil Nouyòk

اعرض هذه الوثيقة باللغة العربية

এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন

查看本文件的中文版

Consultez ce document en français

Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen

이 문서를 한국어로 보기

Consulte este documento en español

یہ دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں

Перевод документа на русский язык

schools.nyc.gov/MessagesForFamilies

Janvyè 2025

Mizajou fanmi sa a bay enfòmasyon sou eleksyon konsèy edikasyon pou kominote ak vil ki gen pou fèt; dat admisyon enpòtan pou pwogram kindergarten, 3-K, ak pre-kindergarten (Pre-K); prim Big Apple New York City Public Schools' (NYCPS); ak kont lekòl Vil Npouyòk (New York City Schools Account, NYCSA).

Kontni

- **Eleksyon Konsèy Edikasyon**
 - **Kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account, NYCSA)**
- **Dat enpòtan admisyon**
- **Delè Kindergarten**
- **Aplikasyon 3-K ak Pre-K yo ouvri**
- **Nominasyon pou prim Big Apple**

Eleksyon 2025 pou Konsèy Edikasyon Kominote ak Konsèy Edikasyon Vil la

Eleksyon 2025 pou Konsèy Edikasyon Kominote ak Konsèy Edikasyon Vil la a !

Manm konsèy la ede kreye regleman ak priyorite ki pral afekte edikasyon elèv nou yo nan fason ki enpòtan, tankou lè yo revize pwogram edikasyon yo, lè yo apwouve limit fwontyè lekòl, ak lè yo fè rekòmandasyon pou amelyore sèvis yo bay elèv NYCPS. Patisipe nan eleksyon sa yo, kit kòm kandida oswa kòm votan, se yonn nan meyè fason pou fè tandè vwa w kòm yon paran NYCPS, ak pou gen yon efè dirèk sou pwoblèm ki afekte kominote lekòl ou a.

Ou enterese poze kandida pou yon pòs? Apati **lendi 13 janvyè**, paran ka aplike pou poze kandida yo pou manda 2025–2027 la jiska **dimanch 16 fevriye**. W ap ka ranpli aplikasyon yo nan kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account (schoolsaccount.nyc)) epi li pran sèlman 5–10 minit pou ranpli !! Gade kondisyon pou elijib yo, gid eleksyon an ak kesyon moun poze souvan(FAQ) sou schools.nyc.gov/Elections2025 pou jwenn plis enfòmasyon sou kiyès ki ka poze kandida pou yon pòs nan chak konsèy.

Pou w ranpli aplikasyon w lan, w ap bezwen kreye yon kont New York City Schools Account (NYCSA) nan non w; w ap itilize tou NYCSA ou a pou vote pou kandida pou distri w la, donk li enpòtan pou asire w pre pou kreye kont ou an kounye a.

Kreye yon kont New York City Schools, NYCSA Jodi a

Si w poko gen yon kont, pou kòmanse li rapid ak fasil: sèlman ale nan schoolsaccount.nyc, klike "kreye yon nouvo kont" ("Create New Account,") mepi bay enfòmasyon ki nesèsè yo. Si w pa konnen nimewo ID pitit ou a (OSIS) oswa kòd kreyasyon kont (Account Creation Code) li an pou w ka konekte nan kont lan oswa si w gen nenpòt lòt kesyon sou NYCSA, kontakte kowòdonatè paran lekòl ou a pou ede w.

NYCSA se pa sèlman pou eleksyon; kont ou an pral pèmèt ou tou wè nòt, kanè, istwa prezans pitit ou a, enfòmasyon sou transpò ak lòt ankò—plis, yo itilize l pou kominike avèk fanmi si nou gen ijans pou move tan, tankou tanpèt nèt, sou posiblite pou lekòl fèmen oswa pou chanjman orè.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou NYCSA—tankou plis detay sou kòman pou kreye yon kont— nan schools.nyc.com/NYCSA.

Dat admisyon enpòtan

Kòmansman 2025 lan gen ladan dat admisyon enpòtan pou elèv ki pi jèn nou yo enskri nan lekòl pou otòn 2025.

Delè aplikasyon Kindergarten

Si pitit ou a fèt an 2020, li ka ale nan kindergarten septanm sa a. Voye aplikasyon w lan **vandredi 24 fevriye 2025**—pou pi ta. Ou ka ajoute pwogram kindergarten an de lang (Dual Language, DL) ak pwogram pou elèv douwe ki gen talan (Gifted and Talented, GT) dirèkteman sou aplikasyon pitit ou a nan [MySchools.nyc](https://myschools.nyc).

Aplikasyon 3-K ak Pre-K yo ouvri

Prepare pou pi piti yo pou kòmanse pakou akademik yo—aplikasyon 3-K ak Pre-K NYCPS yo ouvri **mèkredi 15 janvyè 2025**.

- Si pitit ou a fèt an 2022, li ka ale nan 3-K otòn sa a.
- Si pitit ou a fèt an 2021, li ka ale nan Pre-K pou ane lekòl 2025-2026 lan.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou edikasyon 3-K ak Pre-K gratis nan Vil Nouyòk, kòman pou jwenn yon pwogram bò lakay ou, ak kòman pou aplike, ale nan sotwèb nou an sou schools.nyc.gov/3K ak schools.nyc.gov/PreK, epi patisipe nan yonn nan aktivite sou admisyon primè vityèl nou yo nan schools.nyc.gov/ESEvents.

Nominasyon pou prim Big Apple

Li tan pou selebre bon edikatè Vil Nouyòk avk Big Apple Awards!

Nome yon pwofesè pou Big Apple Awards la se yon gwo mwayen pou elèv, fanmi, pwofesè, administratè, anplwaye lekòl ak manm kominote pou montre apresyasyon pou gwo travay k ap fèt nan salklas vil la. Tanpri ede nou onore ak selebre kèk nan meyè pwofesè vil nou an nan nome pwofesè prefere w yo **21 janvyè 2025** pou pi ta nan bit.ly/BigAppleNomination.

Pou kalifye, kandida yo dwe se pwofesè lekòl leta aktyèl, atan plen nan lekòl ki nan distri vil la, pwogram charter, oswa nan sant edikasyon pou debitan ki enspire elèv ou a, ki bay gwo egzanp ansèyman ak amelyore kominote lekòl yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Big Apple Awards ak sou pwosesis nominasyon an ak wè yon lis pwofesè ki fèk onore yo, tanpri ale nan schools.nyc.gov/BigAppleAwards.